# Women 8:28-39

Date : March 10, 2011
Nimewo Pwogram Nan : 0441
Tit Pwogram Nan : Women 8:28-39

Bonjou se yon plezi pou n' retwouve w' jodia ankò nan etid biblik Atravè Labib. Nou va etidye vèsè 28-39 nan Women chapit 8.

Annou priye Bondye.

Etènèl, Papa nou ki nan syèl la, n'ap envite W pran plas Ou pami nou nan pwogram nan menmjan ke W'ap viv nan lavi nou pa mwayen Lèspri Sen an. Dirije nou, pale ak nou e kite nou rete obeyisan nan pye W. Nou priye W konsa nan non Senyè Jezi Ti mouton san defo ki te ofri tèt Li an sakrifis pou delivrans nou an, amèn.

Ou byenvini nan etid Biblik Atravè Labib. Nou va etidye jodia vèsè 28-39 nan Women chapit 8.

Jan nou te di sa nan pwogram ki te pase a, vèsè 28 la prezante nou nouvo objektif Bondye a. Si lèt Women an se gran liv la nan Bib la, e chapit 8 la se pwen ki pi remakab la, enben, tankou kòmantatè Skinner di l' ak vèsè 28 la nou rive nan somè a. Women 8 :28 se degre ki pi wo a. Li montre nou objektif Bondye a garanti delivrans pechè a. Pou n' repete kòmantatè Stanley, nan 3 pwochen vèsè yo, nou jwenn pwosesis asandan an nan Delivrans lan. Konsa, ann li Women 8 :28.

Women 8:28 Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l', pou byen tout moun li te fè lide rele.

Dòktè Torrye, yon gran sèvitè Bondye, te gen yon konesans trè laj sou vèsè sa a. Li te rele l' :«Yon zòrye swa, pou yon kè fatige.» Nou konnen tout kreyasyon an ap jemi, men nou konnen yon lòt bagay anplis, nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen L', moun sa yo k'ap jemi yo. Yo itilize dènye pawòl sa a senk fwa nan epit Women an e yo itilize mo «nou konn sa byen» an twa fwa konsa. Sa bay referans sou sa yo rele konesans jeneral kretyen an, bagay Sentespri fè tounen yon reyalite a. Pòl di nan I Korent 8:1b: «...konesans fè moun gonfle ak lògèy.

Men, se renmen ki pou fè nou grandi nan konfyans nan Kris la tout bon.» Se sèl Lèspri Sen an ki ka rann konesans sa a reyèl pou nou e se rezon sa a ki fè nou konnen bagay sa yo.

Gran predikatè yo rele Spurgeon nan te konn di: «M' pa bezwen pèsonn di m' ki gou siwo myèl genyen, m' konn sa. E m'ap di ou, mwen menm mwen konnen Bondye renmen m'. M' konn sa. M' pa bezwen gen yon agiman sou sa.» Eske w' gen menm garanti Spurgeon lan ? Pòl pale tou nan vèsè 28 la de: «...tout moun ki renmen l'.» Sa a se idantifikasyon kretyen an. Pòl te ekri nan Galat 5 :6: «Paske, lè n'ap viv ansanm ak Kris la, kit nou sikonsi, kit nou pa sikonsi, sa pa fè anyen. Sa ki konsekan an se pou nou gen konfyans nan Bondye, yon konfyans k'ap fè nou viv ak renmen nan kè nou.» Sa vle di renmen an se modèl la, se li k' patwon an.

Apot Jan te ekri sou sijè sa tou. Men kisa l' te di nan I Jan 4 :10-16:

I Jan 4 :10-16 Men kisa renmen an ye: Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la.
Mezanmi, si Bondye renmen nou konsa, nou menm tou se pou nou yonn renmen lòt.
Pesonn pa janm wè Bondye. Men, si nou yonn renmen lòt, Bondye fè yonn ak nou. Konsa n'a renmen tout bon, jan Bondye renmen an.
Nou konnen nou fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak nou, paske li ban nou Sentespri li.
Nou menm, n'ap di sa nou te wè. Papa a voye Pitit li a pou delivre tout moun.
Moun ki rekonèt Jezi pou Pitit Bondye a, Bondye fè yonn ak yo, yo fè yonn ak Bondye.
Nou menm nou konnen jan Bondye renmen nou, nou kwè se vre. Bondye se renmen an menm.
Moun ki gen renmen nan kè yo, yo fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak yo.

Pou di vre, w'ap gen anpil difikilte pou w' kwè Bondye renmen w' e ou renmen Bondye, si ou gen pwoblèm ak lòt moun ki bò kote w' yo, sa vle di, si w rayi lòt kretyen kanmarad ou yo. Sonje, nou te renmen L' paske L' te renmen nou an premye. Ou sonje sa apot Pyè te di nan I Pyè 1 :8 ? Li te ekri : « Bondye wete nou nan lavi san sans nou te resevwa nan men zansèt nou yo. Nou konnen sa li te peye pou sa. Se pa t' avèk bagay ki ka pèdi valè yo tankou lajan ak lò.» Sa ki ka ranpli lavi w ak kè kontan tout bon se paske w konnen Bondye renmen w e ke w' gen posiblite pou w' renmen l' an retou.

Apre sa, toujou nan vèsè 28 la, Pòl di: «...nan tout bagay.» E sa vle di, literalman : «tout bagay.» Li deziye ni bon ni move bagay, ni sa ki dwat ni sa ki kwochi, bagay dous yo tankou sa ki anmè yo, pwosperite e povrete, sante e maladi, nan kè poze e nan touman, nan lavi kon nan lanmò... nan tout bagay, Bondye ap travay. Sa remonte kouray yon moun, wi pa vre? Sa vle di, nenpòt sa l' ta ye Bondye ap travay sou li. Pa gen ni chans ni aksidan nan lavi yon kretyen, tout bagay sou kontwòl Pè Letènèl. Jakòb te rive yon pwen li te di: «Tout bagay yo kont mwen.» Men apòt Pòl e tout kretyen jodia k'ap di avèk asirans : «Tout bagay an favè m' !» Ala mèveye!

Dòktè McGee, moun ki te prepare etid biblik sa yo, te bay yon vèsyon pèsonèl sou Women 8 :28. Me kòman l' te twadwi l' : «E nou konn sa byen, nou konnen l' avèk konesans ki soti nan Bondye a; sa vle di, nou byen konnen l' paske Lespri Bondye a revele nou sa; moun ki renmen Bondye yo, nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen yo, pou byen tout moun li te fè lide rele.»

Kounyea, rive jouk isit la nan chapit 8 la, nou te wè ekspresyon «Nou konn sa byen» an fè referans sou konesans ki soti nan Bondye a, paske se sèl Lespri Bondye a ki ka revele l'. E si w' pèmèt Li, Lèspri Bondye a ka revele w sa tou, Li ka kite w' konnen nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen w. E jan n' sot di l' la «tout bagay» sa a vle di egzakteman sa w' tande a « tout bagay. » Sa pa pran yonn kite lòt oswa triye pran gwo kite piti, pran grav kite sa k' mwen ijan nou se tout bagay nèt ki anba kontwòl Li. Ou sonje istwa Jozèf la, pa vre? Frè Jozèf yo te rayi sò li e yo te vann li kòm esklav kote l' te oblije mennen yon lavi sèvitid, yon lavi twonpri ak soufrans nan yon peyi etranje. Poutan, pita lè Bondye te leve l' atè a Jozèf te ka vire je gade moman eprèv sa yo pou l' te di frè l' yo nan Jenèz 50 :20 : «Nou te monte konplo pou fè m' mal. Men Bondye fè sa tounen yon byen, pou l' te fè sa k' rive jodi a rive, pou l' te ka sove lavi tout kantite moun sa yo.»

Nou sèten nan lavi ou e nan lavi pa m', kòm pitit Bondye, nou ka gade dèyè yon jou pou n' di: «Tout bagay, se te pou byen.» Jòb deklare nan Jòb 13 :15: «Bondye te mèt touye m', sèl chans mwen se pou m' esplike avè l'.» Se kalite lafwa sa a nou manke nan jou sa yo, zanmi m'. Non, nou pa sèvitè tanporè, nou se pitit Li e nou konnen L'ap reyalize tout bagay pou byen nou, paske se Li menm k'ap dirije yo, se Li ki ba yo enèji, e y'a pwodwi rezilta L' vle a paske se Li menm ki dèyè yo.

Te gen yon tranblemanntè ki te sekwe lavil San Fransisco, nan eta Kalifòni Ozetazini. Gen yon kretyen ki t'ap mache nan dekonb destriksyon an. Li gade sa epi l' tonbe souri. Gen yon zanmi ki te wè l' epi l' mande l': «Kòman ou ka fè souri nan yon moman parèy?» Kretyen an te reponn: «Mwen kontan pou m' konnen ke m' gen yon Bondye ki ka sekwe lemonn.» Sa zanmi, se yon bon atitid pou yon moun afwonte e lavi e lanmò. Pòl te fè fas ak lanmò san l' pa t' manifèste okenn krent. Doktè Lik rapòte reyaksyon Pòl la nan Travay 21 :13. Lik ekri : «Men, li reponn nou: Poukisa pou n'ap kriye konsa, pou n'ap chèche kraze kouraj mwen konsa? Mwen menm, se pa pare sèlman mwen pare pou m' kite yo mare mwen. Menm si mouri vini, m'ap mouri pou Senyè Jezi nan Jerizalèm.» Pa pito nou tout kretyen nou ta rive nan nivo sa a kote nou ta totalman renmèt lavi nou nan men Kris.

Men esperans sa a, jan Pòl di nou sa nan vèsè 28 chapit 8 lèt Women an, se sèlman pou sila yo «li te fè lide rele» yo. M' konn gen anpil moun ki gen anpil difikilte ak ekspresyon sa a men « moun li rele yo » se pa sèlman sila yo ki te resevwa envitasyon an non, men se pito moun ki te asèpte L' yo. Yo se pitit moun ki anwo nèt la. E yo konnen renmen Bondye a nan eksperyans pèsonèl yo. Apòt Pòl idantifye twa gwoup moun nou kwè ki fòme totalite moun k'ap viv nan monn nan jodia. Li ekri nan I Korent 1 : 23, 24: «Men nou menm, n'ap fè konnen Kris yo te kloure sou kwa a. Pou jwif yo, sa se yon wòch k'ap fè yo bite. Pou moun ki pa jwif yo, sa se bagay moun fou. Men pou tout moun Bondye rele yo, kit yo jwif, kit yo pa jwif, n'ap fè konnen Kris la ki bon konprann Bondye a ak pouvwa Bondye a.»

Donk isit la nou jwenn twa gwoup moun. Tout dabò gen Jwif yo, moun sa yo ki te depoze konfyans yo nan relijyon, rit ak rityèl yo. Pou yo lakwa se te yon wòch ki t'ap fè yo bite. Answit gen Grèk yo. Sa se moun lòt nasyon yo, moun sa yo te mete konfyans nan filozofi ak konesans lèzòm. Pou yo lakwa se te bagay moun fou. Epi twazyèm kategori a se moun yo te chwazi yo. Moun sa yo se moun Bondye rele yo, yo te soti e nan mitan jwif yo, e nan mitan Grèk yo oswa moun lòt nasyon yo. Se pa t' yon seleksyon sou baz relijyon, konesans oswa siperyorite. Bondye te tou senpleman rele yo. E moun yo te rele yo te natirèlman koute apèl Bondye a.

Gen yon ti gason yon lè ki t'ap pase yon ti tès pou l' te ka vin manm yon legliz. Dyak yo poze l' kesyon mande l' : «Kòman ou te fè sove?» Ti gason reponn: «Bondye te fè pati pa L' la e mwen menm mwen te fè pa m' nan.» Dyak yo etone, yo mande: «Sa sa vle di, Bondye te fè pati pa l' la e ou menm ou te fè pa w la?» Li reponn yo: «Pati pa Bondye a se sove m'. Pa m' nan se peche. Mwen te kouri devan l', tout tan kè pechrès mwen an ak pye rebèl mwen yo te ka pote m' ale. E lè sa a Li te kouri dèyè m' jouk li te kebe m'.» Zanmi sa se fason mwen menm avè w' nou te sove a.

Men konprann byen anyen nan sa nou di la a pa chanje anyen nan koze tout moun ki vle ka vin jwenn Kris la non. Jouk kounyea se antre lib, ou ka ale si w' vle. Tout moun ki kwè, tout moun ki vle ka sove. Gen yon moun ki te eksplike sa konsa, li te di : «Moun chwazi yo se tout sa yo ki vle yo, men sa ki pa chwazi yo se tout sila yo ki pa vle yo. E yo tout se selon objektif li.»

Pèmèt nou di w, objektif li, sa vle di, plan Bondye a, va rive reyalize e L' gen konesans ak pouvwa pou l' fè sa. E nenpòt bagay Bondye fè, nenpòt bagay Bondye m' nan fè, zanmi, li byen. Pa di Bondye: «pa gen dwa fè tèl ou tèl bagay.» Li gen dwa, e lè L' fè l' Li byen fè e L' fè l' byen. Li jis, e Li se renmen. E nenpòt bagay Li t'a fè se sa l' ye tou.

Gen yon gran teolojyen ki te rele Simeyon ki te di, li te toujou konn preche sou chapit 8 epit Women an pou twa rezon : « Premyèman, paske l' koupe rasin lògèy la. Dezyèmman, paske l' koupe rasin grandizè a. E twazyèmman, paske l' koupe rasin dezespwa a tou. » Se pousa Simeyon te chwazi preche doktrin eleksyon an.

Ou mèt kwè m', zanmi, ou p'ap janm ka felisite tèt ou pou w di: «Se mwen ki te fè l'. M' te fè l' paske m' entèlijan.» Yo rakonte istwa yon ti tonton yo rele Jan. Yon lè Jan al chita nan yon kwen pou l' manje yon ti moso gato. Jan pran yon premye bouche li wè jan gato a bon epi l' di li: «Ala nèg entèlijan se mwen menm!» Gen anpil manm Legliz jodia ki tankou Jan, yo chita nan yon kwen ap manje gato Bondye te redi fè a epi yo kwè yo entelijan.

Pèmèt nou di w, zanmi, se Bondye k'ap kontwole tout bagay. Sa a se travay Li, se sajès Li. Tout bagay soti nan Li e se objektif Li k'ap reyalize. Nou menm pito n' koube tèt nou devan L', paske pandan letènite se volonte Bondye k'ap tojou prime.

Bon tou sa se te pou vèsè 28 la ke anpil moun konsidere kòm pwen kilminan chapit 8 lèt Women an. Kounyea nou va li de pwochen vèsè yo ki se vèsè 29 ak vèsè 30.

Women 8:29, 30 Paske, moun Bondye te konnen depi davans pou moun pa l' yo, depi davans tou li te mete yo apa pou yo te kab sanble ak Pitit li a. Konsa, Pitit sa a pase pou premye pitit nan yon bann frè.
Se konsa, Bondye rele tout moun li te mete apa depi davans yo, li fè yo gras epi moun li fè gras yo, li ba yo lwanj tou.

Konprann byen Pòl p'ap pale isit la sou pèsonn yo ta rele pou pèdi. Paske moun y'ap pale sou yo

isit la nan vèsè 29 la, se menm gwoup moun sa yo yo te mansyone nan vèsè 28 la. Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l'. Pou sila ki te predestine yo, e yo pa janm pale de predestinasyon pou sila ki pèdi yo. Si w' tande yon moun ap pale sou yon moun ki te predestine men apre ki pèdi, enben moun sa a pa an akò avèk Ekriti yo. Labib pa anseye bagay konsa. Bib la di lè Bondye sove ou, l'a toujou ede w pou w fini travay Li a avèk siksè.

Vèsè 30 la di: «Se konsa, Bondye rele tout moun li te mete apa depi davans yo, li fè yo gras epi moun li fè gras yo, li ba yo lwanj tou.» Seksyon sa a reyèlman siprann nou pa rapò a sanntifikasyon an, li pa menm manke mansyone moun sanntifye yo. Poukisa? Paske sa se travay Bondye, se travay Bondye nan kè e nan lavi kretyen an. Isit la Pòl ap pale sou objektif Bondye ki la pou tout tan an e li senpleman vle di: lè Gran Gadò mouton yo, li menm ki se Bon Gadò mouton yo e Gadò mouton Tout bon an, lè L' kòmanse avèk san mouton enben L'a fini tout avèk san mouton pa yonn nan yo menm p'ap pèdi.

Seyè Jezi te bay yon parabòl sou reyalite sa a. Li te di, te gen yon gadò mouton, yon bon gadò mouton. E sa a se Bondye, Senyè Jezi Li menm. Yon ti mouton te pèdi. Yon sèl ti mouton nan san mouton atò kèk moun ta di : 99% sa se yon bon pousantaj, nou pa bezwen al fatige kò nou pou yon grenn mouton. Nenpòt moun ki fè elvaj mouton, konnen si w' rive sove plis ke 50% nan pak la enben ou se yon bon gadò. Men se pa pou Pastè eksepsyonèl. Jezi pa satisfè avèk katrevendiznèf, Li pafè donk rezilta L' dwe pafè tou 100%. Li rele e Li jistifye. Si l' te jistifye san mouton, L'a glorifye san mouton tou paske yo yonn menm p'ap pèdi.

Nou di Bondye mèsi paske Jezi p'ap kite yonn nan pitit li yo menm chape nan men l'. Paske Gadò sa a bay garanti, si pa malè yonn nan mouton yo ta soti nan pak la, enben L'ap kite rès 99 yo pou l'al chache sa ki pèdi e pa gen dout ke L'ap jwenn li pou l' mennen l' obèkay. Sa se sekirite etènèl la e sa se yon doktrin mèvèye. Sa vle di, lè lapèl va fèt nan syèl la nou tout va la. Si ou mete konfyans ou nan Li, L'ap rasire L' ke ou pa janm pèdi delivrans ou. E sa zanmi m' se petèt doktrin ki pi rekonfòtan ke nou genyen nan tan n'ap viv yo.

Answit, apòt Pòl kontinye pale pou l' di nan premye pati vèsè 31 an e:

Women 8:31a Kisa n'a di ankò sou pwen sa a?

Isit la se tankou si Pòl ap di sa twò bèl m' pa wè sa m' ta ka ajoute sou li ankò. Epi l' kontinye nan rès vèsè 31 pou l' mande :

Women 8:31b Si Bondye pou nou, kilès ki ka kont nou?

Ki moun ki kapab kont nou, en zanmi? Gwo Bondye nou bò kote nou ki ti malfektè pye blanch ki ka kont nou ? Moun pa menm ka oze akize nou ale wè pou yo ta touche nou. E Pòl byen èspesifik sou sa li di vèsè 32 a:

Women 8:32 Li pa t' menm refize nou pwòp Pitit li a, men li bay li pou nou tout. Ki jan pou l' pa

ta ban nou tout bagay avèk Pitit la tou pou gremesi?

Ala de gwo koze en ! Bondye pa t' epanye pwòp Pitit li a. Li te fè pa pitit gason Abraram nan, men Li pa t' epanye pwòp Pitit pa l' la. Li te livre Pitit Gason L' lan pou l' mouri pou nou. Epi Pitit la menm bannou tou sa nou bezwen. Se bon pastè a ki sere mouton l' yo e ki soutni yo. Mouton L' yo an sekirite. E se pa paske yo entèlijan, tout okontrè se yon bann ti bèt maladwa. Tout gadò mouton konnen jan mouton sòt. E mouton an vilnerab. Li pa gen grif, ki kòn, ni gwo dan pou defann li. Yo pa plis pase yon bann ti inofensif e maladwa. Epi kounyea pou yon ti mouton ta kanpe pami lyon sovaj sa yo ki nan monn nan pou l' di: «M' gen sekirite.» Ou kwè gen moun ki ta pran l' oserye ? Epoutan se vre li an sekerite. Se kòman l' fè an sekirite ? Eske se paske l' konn goumen èske se paske l' entèlijan? Pa di tou. Sèl rezon ki ba l' sekirite se pase li gen yon bon Gadò. Aloulouya, Pòl di nou : «Li pa t' menm refize nou pwòp Pitit li a, men li bay li pou nou tout. Ki jan pou l' pa t'a ban nou tout bagay avèk Pitit la tou pou gremesi?»

Gran predikatè yo rele Dwight L. Moody a te konn rakonte: «Si m' t'al kote yo vann bijou ki pi fen lavil New York la, epi la yo t'a montre m' dyaman ki pi bèl ki t'a genyen an e mèt li ta di m': «Ou mèt pran l' pou ou .» M' t'a reponn li se pa kado ou fè m' kado dyaman ki tèlman koute chè sa vre? Men si l' ta ensiste pou l' di m': «Wi, m' ba ou li ou mèt pran li.» Enben si l' ta fè m' kado l' vre, m' pa t'a doute menm yon ti moman pou m' ta mande l' yon moso papye pou m' ta vlope l' epi ale avèk li.» Zanmi oditè, si Bondye te livre pwòp Pitit gason L' lan pou l' mouri pou ou, èske w pa kwè L' kapab ba w tout sa ou bezwen nan lavi sa a e nan lavi ki gen pou vini an? Ou pa ka mande anyen ki pi bon pase sa.

Ann pase kounyea nan vèsè 33 a:

Women 8:33 Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Pesonn. Paske se Bondye menm ki fè yo gras!

Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Pa gen moun ki ka oze akize yo nan anyen. E w konn poukisa? Pòl bannou repons lan nan vèsè 34 la. Li di nan premye pati vèsè 34 la:

Women 8:34a Ki moun ki kab kondannen yo? Pesonn. Paske Jezikri te mouri. Sak pi rèd ankò, li leve soti vivan nan lanmò,

Bondye mete twòn Li dèyè moun li chwazi yo. Yo se pechè ki jistifye. Bondye kanpe dè yo. Kilès ki va kondannen yo? Pèsonn pa ka kondannen yo. E w konn poukisa? Paske Kris te mouri pou yo. Rès vèsè 34 la di:

Women 8:34b epi li chita sou bò dwat Bondye, kote l'ap plede pou nou.

Pòl mansyone kat bagay Jezi te fè pou nou. 1) Li te mouri pou nou. 2) Li leve soti vivan nan lanmò pou nou. 3) Li te delivre nou anba ofans nou yo. 4) Li te leve soti vivan nan lanmò pou jistifikasyon nou. Men tankou si sa pa ase, kounyea Li rete sou bò dwat Bondye ap entèsede pou nou. E li la nan moman sa a menm L'ap travay pou pitit Li yo. Li se Kris vivan an. Èske ou bezwen

L'? Poukisa w pa al kote L'? Li se Kris vivan an. L'ap lapriyè pou nou tou. Èske ou te lapriyè pou tèt ou maten an? Ou te dwe fè sa men w' te ka bliye tou. Enben si w te bliye Jezi Li menm Li pa janm bliye, Li pa janm sispann fè sa, Li pa janm rate okazyon fè sa, Li toujou lapriyè e entèsede pou ou. Ala mèvèy ki gen nan Kris pou pitit Bondye Yo !

Tèlman bagay yo bèl m' santi m' ta kontinye toujou men lè a pa pèmèt sa. N'ap oblije kite w' e envite w' etidye rès vèsè yo nan chapit 8 la sa vle di vèsè 35-39 yo pou kont ou paske nan pwochen pwogram se avèk chapit 9 la ke nou va kòmanse. M' swete ke w'ap rejwi w nan sekirite etènèl sa a ke nou jwenn nan Kris la.

---

© 2015 Atravè Labib